

EGZAMEN OTIS-LENNON POU DETÈMINE APTITID ELÈV LEKÒL MODÈL POU ELÈV PRATIKE JAN POU YO PRAN EGZAMEN AN

Chè Paran oswa Gadyen legal,

Nou mete avèk lèt sa a Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OLSAT)* : Setyèm edisyon, modèl pou elèv pratike jan pou yo pran egzamen an. Ou ka itilize modèl egzamen sa a pou familiarize pitit ou a avèk tip kesyon yo pral poze l nan egzamen an menm. Modèl egzamen OLSAT la byen pwoteje. Se responsablite pou w pwoteje sekirite modèl egzamen an, e pou sa ou dwe mete w dakò ak nou pou bagay sila yo :

- Pa montre lòt moun oswa pa diskite avèk lòt moun, anjeneral oswa anpatikilye, kesyon nou mande nan modèl egzamen an;
- Pa fè fotokopi okenn pati nan modèl egzamen oswa nan machaswiv pou pran egzamen an;
- Sèl timoun sa yo ki gen paran oswa gadyen legal ki ranpli yon aplikasyon pou yo evalye yo pou admisyon nan yon Pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented (G&T)* Depatman Edikasyon vil Nouyòk *NYC Department of Education (NYCDOE)* ka itilize modèl egzamen sa a.

Pou paran timoun ki nan klas Prematènèl *Pre-K* : Tanpri sonje ke nou pa p atann nou aske elèv yo *bubble* kesyon yo nan liv egzamen an; sepandan, yo dwe ka endike prezizeman avèk yon kreyon repons yo chwazi pou chak kesyon.

OLSAT

Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl **Setyèm edisyon**

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon

Esplikasyon pou bay elèv la sou jan pou l fè modèl egzamen an Nivo A



015861030X



Copyright © 2006 Harcourt Assessment, Inc.

Se *Harcourt Brace and Company* ki gen *Copyright* © edisyon estanda 1995 lan.

Tout dwa rezève. Moun pa gen dwa repwodui oswa transmèt okenn pati piblikasyon sa a nenpòt ki jan oswa pa okenn fòm kit elektwonik oswa mekanik, pa egzanp fotokopi, anrejistreman, oswa okenn fason pou konsève enfòmasyon, oswa sistèm pou pran kèk enfòmasyon ladan atit rechèch pou w itilize pou lizaj pèsonèl san pèmisyon ekri mezon edisyon an. *HARCOURT* ak *Logo Harcourt Logo* se mak komèsyal ki se pwopriyete Harcourt, Inc., ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OISAT)* se yon mak komèsyal ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Nou te pibliye anvan sa pati nan travay rechèch sa a. Dokiman sa a enprime Ozetazini.

Esplikasyon pou bay Modèl egzamen aptitud la

Rezon ki fè n ap bay pitit ou a Egzamen pratik sa a se pou prepare l pou li pran Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT), konsa pou li ka vin abitye l avèk kalite kesyon k ap parèt nan egzamen an. L ap aprann rekonèt jan pou l lokalize ranje sou fèy egzamen an, swiv yon ranje sou tout paj la depi agòch jiska adwat, make repons yo kòrèkteman, epi chanje repons yo lè sa nesesè.

Egzamen pratik yo ap ede elèv yo konprann sa y ap atann de yo lè yo pran egzamen reyèl la, kidonk pou diminye enkyetid yo lè y ap paran egzamen an.

Nou pa bay nòt pou egzamen pratik la. Kidonk, ou dwe bay pitit ou a tout èd ki nesesè pou l reponn kesyon yo avèk siksè. Pou w itilize pi byen egzamen an, ou dwe bay egzamen pratik la apeprè yon semenn anvan timoun lan pran egzamen regilye a. Pou ede w, w ap jwenn repons kòrèk pou kesyon yo enprime nan paj 12.

Esplikasyon espesifik pou bay pitit ou a pou l pran egzamen an

Tout esplikasyon pou w li pou pitit ou a enprime an **lèt pi fonse**. Esplikasyon pou paran yo (ou pa dwe li awotvwa) enprime an lèt regilye. Si w fè yon fot lè w ap li yon kesyon pandan egzamen an, estope yon moman epi di konsa : “Non, sa a pa bon. Koute ankò.” Answit, li kesyon an oswa esplikasyon an kòrèkteman.

DI konsa :

Jodi a nou pral fè kèk aktivite enteresan ki tankou devinèt. Mwen pral ba w yon tiliv. Kite tiliv ou a fèmen jouk mwen di w sa pou fè.

Esplikasyon ki enprime an lèt fonse fasilite jan pou w di kesyon yo pou pitit ou a

Asire w ou bay pitit ou a yon tiliv, yon kreyon, ak yon gòm.

Di konsa :

Louvri tiliv ou a nan paj 3. Kounye a gade premye ranje a, kote ou wè yon ti etwal nan kòmansman ranje a. Mete dwèt ou sou etwal la.

Asire w pitit ou louvri tiliv li a kòrèkteman nan paj 3 ou mande l pou l ouvri li a.

Di konsa :

1 Lè pòtre yo kòmanse sou yon bò paj la pou l fini sou lòt bò a konsa, nou di yo an ran.

Montre l sa w di a. Pou fè sa, deplase dwèt ou de yon bò paj la jiska lòt bò a apati gòch jiska dwat.

Di konsa :

Nan ranje sa a, ou wè yon tifi k ap jwe yon pyano, yon tifi k ap fè yon desen, yon ti gason k ap jwe yon amonika, yon ti gason k ap jwe yon twonpèt, ak yon tifi k ap jwe yon vyolon. Youn nan pòtre sa yo montre yon bagay ki pa menm ak lòt pòtre yo paske li diferan de lòt pòtre yo. Ann chèche ansanm ki pòtre ki pa tankou lòt pòtre yo. Tout pòtre ki nan ranje sa a montre timoun yo ap fè yon bagay. Èske w kapab di mwen kisa ki fè youn nan timoun yo diferan de lòt yo?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

DI konsa :

Wi, egzakteman. Pòtre ki montre yon tifi k ap fè desen an diferan, pa vrè? Tout lòt timoun yo ap jwe yon enstriman. Tifi k ap fè desen an pa menm ak lòt pòtre ki nan ranje sa a.

Kounye a, m ap montre w kouman pou w make repons ou. Èske ou wè ti wonn anba pòtre yo? Nou rele ti wonn sa yo espas pou ekri repons. Etandone tifi k ap fè desen an pa menm ak lòt pòtre ki nan ranje sa a, w ap nwasi ak kreyon ou espas ki anba tifi k ap fè desen an. Se konsa ou make repons ou.

Montre pitit ou a jan pou l make repons li nan espas la. Pou l fè sa, l ap fè yon ti wonn pou l reponn kesyon an, epi l ap nwasi li ak kreyon li. Pitit ou a pa bezwen plen nèt ak min kreyon an ti wonn ki rezève pou repons lan, epi li pa bezwen nwasi ak kreyon li tout espas ki nan wonn lan. Montre pitit ou jan pou l efase yon repons li vle chanje. Lè w fin kòmanse bay egzamen an, asire w pitit ou a ap swiv esplikasyon yo kòrèkteman.

Jenn timoun yo ap benefisye lè w montre yo jan pou yo make repons yo nan espas yo mete pou sa a.

Di konsa :

***2 Kounye a, mete dwat ou sou ranje ki gen parapli a. Nan ranje sa a, ou wè kèk fòm ki gen ti sèk. Youn nan fòm sa yo pa menm ak lòt yo. Ki fòm ki pa menm ak lòt yo?**

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, egzakteman. Wi, dènye repons lan se li ki kòrèk, pa vre? Fòm sa a pa menm ak lòt yo paske sèl li ki gen yon wonn blan nan zòn nwa a. Tout lòt yo gen yon wonn nwa nan zòn blan an. Make espas ki anba dènye fòm lan. Èske w konprann sa pou w fè?

Lè moun eksplike avèk atansyon, sa ede timoun yo konprann pou kisa move repons lan pa bon.

Di konsa :

3 Mete dwèt ou sou pwochen ranje a, sa ki gen kè a. Asire w ou ka wè espas pou mete repons lan. Nan ranje sa a, ou wè kèk pòtre timoun k ap fè aktivite diferan. Make espas anba pòtre ki pa menm ak lòt pòtre yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou dwe make espas ki anba premye pòtre a—sa ki gen ti gason k ap monte nechèl la—paske tout lòt pòtre yo montre timoun k ap sote. Èske w konprann pou kisa se premye pòtre a ki se repons kòrèk la?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 3 a. Ba li plis eksplikasyon si sa nesèsè. Answit al li kesyon 4 la.

Di konsa :

4 Kounye a fè dwèt ou desann sou paj la pou w mete l sou ranje ki gen kreyon an. Asire ou ka wè espas pou mete repons lan. Nan ranje sa a, ou wè kèk sèk ki gen flèch ladan yo. Make espas anba sèk ki pa menm ak lòt sèk yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, twazyèm sèk la pa menm ak lòt yo, pa vrè? Twazyèm sèk la gen flèch ki ale nan direksyon opoze youn ak lòt. Lòt sèk yo gen flèch ki ale nan diferan direksyon, men sèlman nan twazyèm sèk la, gen flèch ki ale nan direksyon opoze. Èske w konprann?

Reponn tout kesyon yo.

Di konsa :

Si w make espas ki anba yon lòt sèk, efase l, epi make espas ki anba twazyèm sèk la.

Pran yon ti pòz pou bay pitit ou a tan pou l efase, e pou li make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

Kounye a vire paj la. Ou dwe wè yon ti règ nan kòmansman premye ranje a.

5 Mete dwèt ou sou premye ranje a, sa ki gen règ la. Toupre règ la ou wè kat bwat. Nan premye bwat ki anlè a, gen pòtre yon wout. Nan bwat ki toupre li a gen yon oto. Wout ak oto a ale youn ak lòt yon sèten fason. Nan premye ti kare ki anba a, gen yon ray tren. Lòt ti kare a vid. Kounye a, gade ranje pòtre ki akote ti kare yo, epi imajine sa ki dwe nan ti kare vid la. Kisa ki ale ak ray tren an menm jan oto a ale ak wout la? Make espas ki anba repons ou a.

[Eksplike pitit ou a an detay tout chanjman nan prezantasyon egzamen an.](#)

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Èske w jwenn repons lan?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, tren an dwe matche nan bwat vid la. Tren an ale ak ray tren an menm jan oto a ale ak wout la. Lòt repons yo mete kòm chwa yo—yon estasyon, yon kamyon, ak yon enjenyè—pa ale ak ray tren an menm jan yon oto ale ak yon wout. Èske w konprann pou kisa se tren an ki se repons kòrèk la?

[Nou pèmèt ou pran yon tan san limit pou Egzamen pratik la pou asire pitit ou a konprann pwosesis la.](#)

Asire w pitit ou a konprann kesyon 5 lan. Repete eksplikasyon an si sa nesesè.

Di konsa :

6 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje kote ou wè pyebwa a. Nan de kare ki anlè

yo, ou wè yon gwo triyang nwa ak yon ti triyang blan. Triyang sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Nan premye kare ki anba a, gen yon gwo kare nwa. Kounye a gade ranje fòm ki akote bwat yo. Ki fòm yo dwe mete nan bwat vid la? Ki fòm ka ale ak yon gwo kare nwa menm jan yon ti triyang blan ale ak yon gwo triyang nwa?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Kòrèk, ou dwe mete ti kare blan an nan bwat vid la. Ou dwe make espas ki anba ti kare blan an pou montre se repons ki kòrèk la. Èske w konprann pou kisa?

Reponn tout kesyon yo. Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :

7 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje a kote ou wè yon mato. Gade pòtre ki nan de bwat anlè yo. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Reflechi sou jan pòtre sa yo ale youn ak lòt.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Kouman de pòtre ki anlè yo ale youn ak lòt?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, premye pòtre a se yon bokal epi dezyèm pòtre a se bouchon yon bokal. Kounye a gade pòtre ki anba a. La a, ou wè yon bwat katon. Imajine sa yo dwe mete nan espas vid ki akote bwat katon an. Make espas ki anba repons ou.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Kisa ki ale ak lòt bwat katon an menm jan bouchon yon bokal ale ak bokal la?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, yon kouvèti bwat katon ale avèk yon bwat katon menm jan yon bouchon bokal ale ak bokal la. Si w te make espas ki anba yon lòt repons, efase l, epi make espas ki anba kouvèti bwat katon an.

Ankouraje pitit ou a mete l alèz pou efase repons ki pa bon pou l chanje yo.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase repons ki pa bon an, epi pou l make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

Èske w konprann sa ou fèk fè a?

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w. Epi al li kesyon 8 la.

Di konsa :

8 Mete dwèt ou sou dènye ranje a, sa ki gen chosèt la. Gade fòm ki nan de bwat ki anlè yo. Fòm sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Kounye a gade fòm ki nan premye bwat ki anba a. Imajine sa ki dwe nan espas vid ki akote li a. Answit, chèche repons ou nan ranje ki akote bwat yo, epi make espas ki anba li a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ou dwe make espas pou repons ki anba twazyèm pòtre a. De ti sèk yo ale avèk twa ti sèk yo menm jan de ti rektang yo ki nan ranje anwo a ale ak twa ti rektang yo. Èske w konprann pou kisa se twazyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon yo. Repete eksplikasyon an si sa nesesè.

Di konsa :

Kounye a, gade anlè pwochen paj la. Ou dwe wè yon ti chèz nan kòmansman premye ranje a.

Nou mete nan Egzamen pratik la tout aptitud n ap evalye nan OLSAT la.

9 Mete dwèt ou sou premye ranje a, kote ou wè chèz la. Asire w ou ka wè espas pou pitit ou a mete repons lan. Gade blòk pou konstriksyon ki akote ti chèz la. Chèche chif ki egzaktman anba yon kè. Nan pwochen pati ranje a, make anba chif sa a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki chif ki egzaktman anba yon kè?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, chif 2 a se sèl chif ki egzaktman anba yon kè. Chif 3 a akote yon kè, men li pa anba yon kè. Chif 5 lan anlè yon kè, epi chif 6 la akote yon kè. Èske w konprann pou kisa se chif 2 a ki se repons kòrèk la? Leve men w anlè si w pa konprann sa w sot fè a.

Reponn tout kesyon yo. Answit al li kesyon 10 la.

Di konsa :

10 Mete makè w sou pwochen ranje a, kote w wè sizo a. Make espas ki anba pòtre ki montre : yon tifi ki chita ant yon chen e yon chat, epi l ap gade *yon show* nan televizyon. Gen yon lanp padèyè televizyon an.

Lè w enkli Lèza nan pwosesis egzamen an, li vin mwen difisil pou pitit ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Èske w make anba premye pòtre a? Premye pòtre a se sèl pòtre ki montre yon tifi ant yon chat ak yon chen, avèk yon lanp dèyè televizyon an.

Reponn tout kesyon yo. Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :

11 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje a, kote ou wè bato a. Gade pòtre nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Ou dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Nan pwochen pati ranje a, mete repons ou anba pòtre ki montre sa ou dwe mete nan bwat la.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou dwe make espas ki anba twazyèm pòtre a. Nan bwat ki nan kòmansman ranje a, pòtre yo reprezante yon ti chen k ap vin pi gwo ofiyamezi. Nan twazyèm pòtre a gen yon gwo chen, kidonk se li pou w mete nan bwat vid la. Èske w konprann pou kisa se sèl twazyèm pòtre a ki kòrèk?

Egzamen pratik la gen ladan l kesyon pou tout nivo difikilte, pou pitit ou ka aprann sa l ap gen pou konfwonte nan vrè egzamen an.

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w, e bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :

Si w pa te make repons ki anba twazyèm pòtre a, efase repons ou a, epi make repons ki anba twazyèm pòtre a.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase move repons lan, epi pou l make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

12 Mete dwèt ou sou dènye ranje a, sa ki gen lakansyèl la. Gade bwat ki akote lakansyèl la. Gen nan bwat la kèk sèk ki gen lèt ladan yo. Nan pwochen pati ranje a, souliyen lèt ki anndan toulède sèk yo.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, twazyèm repons lan se li ki kòrèk la, pa vre? Se sèl lèt C ki anndan toulède sèk yo. Lèt B ak D yo chak anndan yon sèl wonn, epi lèt A pa anndan de sèk yo. Si w te make espas ki anba yon lòt lèt, efase repons ou a, epi make espas ki anba lèt C a. Èske w ta vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w.

Di konsa :

Kounye a vire paj la. Ou dwe wè yon ti men nan kòmansman premye ranje a.

Asire w pitit ou ap gade anwo paj 6 la.

Di konsa :

13 Gade pòtre ki nan bwat ki akote men an. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Ou dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Ann kalkile ansanm sa pou n mete nan espas sa a. Nan ranje ki anlè bwat la, gen yon sèk blan, apre li se yon sèk nwa, epi yon lòt sèk blan. Nan ranje ki toupre bwat la, gen yon kare blan, e apre yon kare nwa, epi apre yon lòt kare nwa. Nan dènye ranje a, gen yon triyang blan, e yon triyang nwa ki vini apre. Kisa ou dwe mete nan espas vid la?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Kòrèk, dwe genyen yon triyang blan nan espas vid la. Ou mete repons ou anba triyang blan an pou montre se repons ki kòrèk la. Èske w konprann sa ou fèk fè a?

Bay pitit plis eksplikasyon si sa nesesè pou li kapab konprann.

Di konsa :

14 Kounye a mete dwèt sou pwochen ranje a, sa ki gen sèvolan an. Souliyen bwat ki gen yon triyang ki akote yon kare ki gen yon sèk anndan li.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons li.

Di konsa :

Èske w make premye repons lan? Se sèl repons ki gen yon triyang akote yon kare ki gen yon sèk anndan li. Èske w konprann pou kisa lòt repons yo pa bon?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 14 la.

Di konsa :

Al nan pwochen ranje a, kote ou wè ti tab la.

15 Koute. Peter manje de tranch pitza w ap gade nan kòmansman ranje a. David

manje egzaktman menm kantite tranch pitza ak Peter. Nan pwochen pati ranje a, mete repons ou anba pòtre ki montre konbyen tranch pitza David manje.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Èske w chwazi dezyèm repons lan, kote gen de tranch pitza a? Peter manje de tranch pitza, epi si David manje egzaktman menm kantite, kidonk li manje de tranch tou. Èske w konprann?

Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :

16 Kounye a mete dwèt ou sou dènye ranje a, kote ou wè ze a. Make anba pòtre ki montre : Nan yon vitrin magazen, gen de bagay moun ka mete sou yo ak yon bagay pou moun jwe.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki pòtre ou make?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, katriyèm pòtre a se sèl pòtre ki montre de bagay pou moun mete sou yo ak yon bagay pou moun jwe. Èske w konprann pou kisa se katriyèm pòtre a ki se repons kòrèk la?

Asire pitit ou a konprann kesyon 16 la.

Di konsa :

Se tout sa n ap fè pou kounye a. Depoze kreyon ou. Nan kèk jou, nou pral fè kèk lòt pwoblèm tankou sa yo. Yo pral vin parèt fasil pou ou, paske ou pral sonje kouman pou w fè yo. Fèmen tiliv ou a yon jan pou premye paj kouvèti a ka pa anwo.

Montre kouman pou l fè sa. Answit pran tiliv egzamen an nan men li. Konsa ou fini Egzamen pratik la.

Lis repons kòrèk yo.


1	2
2	5
3	1
4	3
5	2
6	3
7	2
8	3
9	1
10	1
11	3
12	3
13	4
14	1
15	2
16	4

OISAT

Otis-Lennon School Ability Test

Seventh Edition

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon



PRACTICE TEST



Practice Test Level A

1






2



3





4








5





6



7



8





9



♥	★	D	●	5
E	●	★	H	♥
A	★	3	♥	2
♥	6	●	★	B

2



3



5




6




10



11



12



A



B



C




D





13



14



15



16

